


Sistèm Jidisyè New Jersey
New Jersey Judiciary

Kijan pou touche jijman lajan

Collecting a Money Judgment – Haitian Creole



Tribinal Siperyè nan New Jersey
Divizyon Dwa
Seksyon Sivil Espesyal

Superior Court of New Jersey
Law Division
Special Civil Part

Antesedan

Si yo dwe w lajan paske yo akòde w yon jijman nan Pati Espesyal Sivil la, ou se kreyansye yon jijman. Ou fèt pou kontakte moun ki dwe w lajan a (debitè jijman a) pou diskite koze peyman. Pafwa, peyman yo fèt menm jou odyans nan tribinal la oswa pa vèsman. Si w pa resevwa lajan yo dwe w an, gen plizyè fason tribinal la kab ede w touchel.

Byen ke tribinal la va eseye ede w touche lajan yo dwe w an, li pakab garanti ke yap peye dèt ou an. Tout Fòm diferan metòd pou touche lajan ki dekri nan depliyon sa a disponib nan Biwo Pati Espesyal Sivil New Jersey a (New Jersey Special Civil Part Office). Yon pakè pou prezante plent ansanm ak yon pakè repons pou tout pledè yo ki reprezante pwòp tèt yo, ansanm ak tout enstriksyon yo, disponib nan nenpòt ki Biwo Pati Espesyal Sivil New Jersey an ak nan njcourts.gov.

Òdonans pou (sezi) byen ak byen mèb

Yon òdonans pou (sezi) byen ak byen mèb pèmèt pati sivil espesyal la eseye touche lajan debitè a dwe w nan jijman an sou kont an bank li oswa byen pèsònèl li. Byen imobilye paka sèvi pou touche lajan ki dwe nan Pati Sivil Espesyal la. Ou fèt pou lokalize ak idantifye byen pèsònèl debitè a pou satisfè jijman ou an ba ofisye pati sivil espesyal la. Ou kapab, tou pa egzanp, mande yon ofisye pati sivil espesyal la eseye vann atik pèsònèl debitè a kankou aparèy biwo nan oksyon piblik. Debitè a gendwa kenbe byen pèsònèl yon valè de \$1,000 ak vètman pou li mete sou li.

Si debitè a pa genyen byen pèsònèl ki ta vo plis de \$1,000, ofisye pati sivil espesyal la pap kab sèvi ak metòd sa a pou satisfè jijman an ak touche lajan yo dwe w an.

Si w mande ofisye pati sivil espesyal la pou sezi machinn debitè a, ou fèt pou kab demontre ke machinn la anrejistre sou non debitè a. Wap kab fè sa lè w jwenn kopi sètifye tit ak/oswa jwenn sezi-arè sètifye nan men Komisyon Sèvis Sikilasyon New Jersey a (New Jersey Motor Vehicle Commission). Petèt ke debitè ka gen yon prè oswa yon dèt sou machinn la, kidonk, ou fèt pou detèmine si gen swa valè oubyen valè ki jis anvan ou mande ofisye pati sivil espesyal la poul pouswiv sa.

Frè pou jwenn yon òdonans tribinal se \$35 plis \$7 frè sèvis pou ofisye pati sivil espesyal la. Ofisye a va enfòmè w de tout frè adisyonèl pou pibliye ak vann byen debitè a ki sezi yo ak òdonans sa a, ak kilè epi si sa ta fèt. Yon òdonans bon pou dezan apati de dat yo emèt liya. Pa gen limitasyon sou kantite òdonans yon kreyansye kab jwenn. Ou pa gendwa chwazi ki ofisye nan pati sivil espesyal la ka va fè travay sa a pou w.

Enfòmasyon Jeneral sou Òdonans ak Frè Ofisye Pati Sivil Espesyal yo

Ofisye pati sivil espesyal la pa gendwa kolekte sou pansyon alimantè timoun, benefis byenèt sosyal, benefis Sekirite Sosyal, SSI, benefis pou veteran oswa benefis chomaj. Yon fwa w aplike epi tribinal emèt yon òdonans sou (sezi) byen ak byen mèb yap deziyel ba yon ofisye pati sivil espesyal pou koleksyon. Daprè lalwa, gen yon frè 10 pousan ke yajoute sou montan jijman

an ki sèvi kòm komisyon pou ofisye a. Frè sa a parèt sou jijman a epi li peyab a ofisye a pandan yap kolekte jijman. Yap tire 10 pousan sa a sou lajan ofisye a kolekte. Yon fwa yo finn emèt yon òdonans e ke li aktif e li pako perime (chak òdonans valab pou dezan apati de dat yo emèt liya), tout peyman fèt pou fèt dirèk ba ofisye pati sivil espesyal la, men li pa fèt pou al jwenn kreyansye a dirèkteman. Se ofisye a kap okipe tout kontabilite ak dedwi komisyon apwopriye a ak voye balans la ba w. Si ofisye a voye tounnen yon òdonans ki make satisfè konpletman ba w, Biwo Pati Sivil Espesyal la va anrejistre satisfaksyon jijman nan rejis la. Yon ofisye pati sivil espesyal la kab voye tounnen yon òdonans ki make “konpletman satisfè” sèl si ofisye a pèsònèlman touche tout lajan ki te dwe a, ki enkli tout frè tribinal ansanm ak enterè yo, si ta genyen, plis tout 10 pousan komisyon ofisye a.

Pafwa, aprè ofisye a finn kolekte lajan a oswa li pran kontak ak debite a, konvèsasyon konsènan aranjman kab fèt ant debite a ak kreyansye a. Sonje byen ke, si w ta fè yon antant ak debite a, ofisye a ki te “fè koleksyon valab la oswa de yon fason ou lòt ede w jwenn peyman, gendwa, dapre lalwa, resevwa 10 pousan komisyon li sou nenpòt ki montan ki te peye.” Nenpòt ki peyman konplè oswa pasyèl ke yo ta peye w direktteman sijè a 10 pousan komisyon ki fèt pou peye ba ofisye a. Remake ke si ofisye a sèvi òdonans ou an epi li kolekte sou byen pèmisi yo (byen yo ap konjele), ofisye a fèt pou li mande labank la oswa lòt enstitisyon finansye pou libere (dekonjele) byen yo alafen de 2 zan, dat ekspirasyon òdonans la, amwens ke w ta aplike a tan pou yon nouvo òdonans ak enstriksyon ba ofisye a pou re-kolekte ak nouvo òdonans la sou byen sa a anvan yo relagel nan men debite a.

Koleksyon nan Labank

Si w konnen oswa ou kab verifye ki kote debite a gen kont depay oswa kont kouran nan New Jersey a, ou kab mande ofisye pati sivil espesyal la pou touche dèt la de lajan sou kont la ak òdonans la. Ofisye pati sivil espesyal yo pa oblije fè rechèch sou kont an bank debite a. Ou fèt pou bay non labank la, adrès la ak pa depase 4 chif sou nimewo kont la si li posib. Pa bay Biwo Pati Sivil Espesyal la nimewo kont konplè kont aktif debite a. Bay li ba ofisye a dirèkteman si li ta nesèsè. Si ta gen yon nouvo adrès ke w ta vinn bay ofisye a kote ta gen byen disponib pou satisfè jijman an, yo takab enpoze yon frè adisyonèl de \$7 ppu sèvis Ofisye Pati Sivil Espesyal la.

Aprè ofisye pati sivil espesyal la finn kolekte lajan a, lajan sa a konsidere konjele. Lè sa a se pou prezante yon demann Pou Remèt Tout Fon yo nan tribinal la ak sèvi kopi demann la a debite a ansanm ak labank la. Yon pakè pou tout pledè ki reprezante tèt yo sou Kijan Pou Prezante yon Demann pou Debousman Fon yo disponib nan nenpòt ki Biwo Pati Sivil Espesyal yo ak nan njcourts.gov. Si tribinal la akòde demann la, jij la va siyen Lòd pou Debose Fon yo ki te soumèt ansanm ak demann la. Ofisye pati sivil espesyal la va fè livrezon lòd sa a ba labank la. Ofisye a va pran lajan a labank dabò epi depoze sou kont lajan konfyè ofisye yo me epi la va poste yon chèk ba kreyansye a oswa avoka kreyansye a pa pi ta ke le 15 di mwa aprè dat ofisyèl ke yo depoze lajan a.

Sezi-arè sou Salè (Sezi-arè sou Salè Debitè a)

Ou kab mande yon sezi-arè sou salè si debite a travay nan New Jersey epi gaye plis ke \$217.50 pa semenn. Pou mande yon sezi-arè, ou fèt pou voye Avi Aplikasyon Sezi-Arè sou Salè ba debite a pa swa lapòs nòm al oubyen sètifye. Ou fèt pou anrejistre kopi aplikasyon ou voye ba debite a nan Biwo Pati Sivil Espesyal la nan konte kote yo te fè pwosè dosye a.

Si debite a pwoteste kont sezi-arè sou salè li, swa avan oubyen aprè yo finn emèt lòd la, yap fikse yon odyans nan tribinal imedyatman. Si debite pa gen objeksyon oswa tribinal pa akòde objeksyon an, yap emèt yon lòd sezi-arè epi yon ofisye pati sivil espesyal la va prezantel bay anplwayè debite a. Anplwayè a va kenbe pati nan salè debite a dapre Odonans Sezi-Arè a mande epi la va voye lajan a direktman ba ofisye a, ka va dedwi 10 pousan komisyon li ak voye rès la ba w nan menm fason yo te deja mansyone nan depliyen sa a. Frè pou sezi-arè sou salè a se \$35 plis yon frè \$7 pou sèvis pou egzekite manda a sou salè w atravè patwon ou pa Ofisye Pati Sivil Espesyal la. Wap jwenn pakè aplikasyon pou pledè ki reprezante tèt yo disponib nan nenpòt Biwo Pati Sivil Espesyal New Jersey ak nan njcourts.gov.

Jijman Anrejistre

Si swa w oubyen ofisye pati sivil espesyal la pa kab kolekte lajan yo dwe w an sou jijman a, ou kab mande pou yo anrejistre jijman nan biwo Tribinal Siperyè (Superior Court Clerk's Office) Trenton la nan Pati Sivil Espesyal la. Yon fwa jijman a anrejistre nan Tribinal Siperyè a, debite a pap kab vann okenn imobilye a tit lib ke li ta genyen nan New Jersey toutotan dèt la pa peye.

Pou anrejistre yon jijman, ou fèt pou mande yon Deklarasyon pou Anrejistre nan men Pati Sivil Espesyal konte kote yo te fè pwosè dosye a. Ou fèt pou depoze Deklarasyon pou Anrejistre a ak Tribinal Siperyè a (Clerk of the Superior Court), Richard J. Hughes Justice Complex, P.O. Box 971, Trenton, N.J. 08625.

Frè pou depoze Deklarasyon pou Anrejistre a se \$35, peyab a *Treasurer, State of New Jersey*. Pa gen frè pou peye pou yo emèt deklarasyon an nan Pati Sivil Espesyal la. Yon fwa li finn anrejistre, tout efò ki te antreprann pou touche lajan a ke yo te akòde orijinalman ba Pati Sivil Espesyal la fèt pou fèt atravè biwo sheriff la nan konte kote tout byen debite a sitiye.

Manda pou Founi Enfòmasyon

Si w pa konnen kote debite jijman an gen kont depay oswa kont kouran, ki byen pèsònèl debite genyen oswa ki kote li travay, wap kab jwenn yon manda pou founi enfòmasyon nan men nenpòt ki Biwo Pati Sivil Espesyal New Jersey a. Li disponib tou nan njcourts.gov. Manda pou Founi Enfòmasyon se yon dokiman tribinal ki genyen yon seri kesyon osijè de tout byen posib debite ta ka genyen.

Ou kab sèvi yon orijinal ak yon kopi manda pou founi enfòmasyon a ba debite a, swa an pèsòn oubyen pa lapòs nòm al oswa sètifye akize resepsyon ak an menm tan pa lapòs nòm al. Ou fèt pou founi tenb peye deja, yon anvlòp tou adrese ak manda pou founi enfòmasyon a. Debite a fèt pou reponn ak remèt manda pou founi enfòmasyon a ba w nan yon delè de 14 jou apati de dat

yo te sèvil dokiman yo. Ou pa gendwa sèvi ak enfòmasyon manda sa a plis de yon fwa nan yon peryòd de si mwa san otorizasyon tribinal la. Si debite a pa reponn manda pou founi enfòmasyon a, lap fè fas a sanksyon pou dezobeyisans òdonans tribinal la, e ke tribinal la kab mete an vigè. Yon pakè pou tout pledè ki reprezante tèt yo sou Kijan pou Depoze yon Demann pou Mete an Vigè tout Dwa Pledè yo disponib nan nenpòt nan Biwo Pati Sivil Espesyal New Jersey a ak nan (How to File a Motion to Enforce Litigants Rights) njcourts.gov.

Si debite a pa reponn konplètman tout enfòmasyon ki sou manda a nan 21 jou apati de dat yo te sèvil la, ou kab prezante yon aplikasyon ki sipòte ak sètifikasyon tribinal la pou yon lòd ki pèmèt ou sèvi manda pou founi enfòmasyon a ba labank yo, anplwayè yo oswa biznis ki dwe lajan ba debite a. Si tribinal la siyen òdonans sa a, wap kab jwenn manda pou founi enfòmasyon sa a nan Biwo Pati Sivil Espesyal la tou. Lè sa a, wap kab sèvi yon orijinal ak yon kopi manda pou founi enfòmasyon a swa an pèsòn oubyen pa lapòs sètifye oubyen anregistre ak akize resepsyon, an menm tan ke pa lapòs nòmal. Ou fèt pou founi tou yon anvlòp tenbre ki tou deja adrese. Si youn nan pati ke yo sèvi ak manda pou founi enfòmasyon a pa reponn nan yon delè de 14 jou apati de dat yo te sèvil la, yap fè fas a sanksyon ke tribinal la kab mete an vigè.

Òdonans Tribinal pou fè Echanj Prèv

Yon lòt fason pou ka jwenn enfòmasyon osijè de tout byen debite a ta ka genyen se depoze yon petisyon nan tribinal la ki pale de montan ki dwe a nan jijman an epi mande tribinal la pou emèt yon lòd ki egzije debite a oswa nenpòt ki lòt moun ki ta gen enfòmasyon konsènan tout byen debite a pou reponn tout kesyon konsènan byen sa yo nan yon lye ak lè ke tribinal la ta espesifye nan òdonans la. Yo kab mande yon moun konparèt yon sèl fwa san manda tribinal.

Ou kab sèvi kopi òdonans pou fè echanj prèv ba debite a oswa nenpòt lòt moun swa pèsònèlman oubyen pa lapòs sètifye oswa anrejistre ak akize resepsyon an menm tan pa lapòs nòmal epi debite a fèt pou resevwal tou omwen di jou anvan dat konparisyon a.

Si debite oswa moun ki site sou manda tribinal la pa obeyi òdonans tribinal la ak pa konparèt nan lye ak lè espesifik la pou founi enfòmasyon konsènan tout byen debite a, li kab fè fas a sanksyon ke tribinal la kab mete an vigè.

Koleksyon Jijman de yon lòt Eta

Atik 4 nan Konstitisyon Lèzetazini a di ke yon jijman yon tribinal akòde nan yon leta valab de bòn fwa ak gen kredi nan yon lòt eta. Yo kab aplike yon jijman yon lòt eta ki anrejistre nan Biwo Tribinal Siperyè Trenton la. Lap sèvi de sezi-arè sou nenpòt ki byen imobilye debite a ta posede nan New Jersey ansanm ak tout lòt efò pou koleksyon ki fèt pou fèt atravè Biwo Sheriff nan konte kote debite a gen byen liyo. Kontakte Biwo Tribinal Siperyè a nan 609-421-6100 pou enfòmasyon adisyonèl.

Otreman, ou kab eseye kolekte oswa mete an vigè yon jijman de yon lòt eta pou \$20,000 oubyen mwens nan Pati Sivil Espesyal la lè w depoze yon plent, akonpaye de kopi ki ilistre

jijman lòt eta a nan Biwo Pati Sivil Espesyal nan konte kote debite a abite oubyen sitiye. Anplwaye biwo sa a va enfòmè w de tout frè aplikab yo.

Antant

Si ka a ta ranje anvan jijman a, pleyan a responsab depoze estipilasyon ki di ke ka a fèmen ak Pati Sivil Espesyal la. Si yon jijman peye, ak oswa san èd ofisye pati sivil espesyal la, pleyan a responsab depoze yon manda satisfaksyon nan Pati Sivil Espesyal Tribinal la. Manda Satisfaksyon a se yon dokiman ki satisfè jijman ki nan dosye a.

Wap jwenn anyè telefònik Biwo Pati Sivil Espesyal Tribinal Siperyè a nan njcourts.gov.

Se Divizyon Pratik Sivil
Sistèm Jidisyè New Jersey a
ki pibliye bwochi sa a

Stuart Rabner
Dwayen Tribinal la
Chief Justice

Glenn A. Grant
Direktè Administratif Tribinal yo
Administrative Director of the Courts

Jennifer M. Perez
Direktè, Biwo Tribinal Premye Enstans yo
Director, Office of Trial Court Services

Taironda E. Phoenix
Direktè Adjwen, Pratik Sivil la
Assistant Director, Civil Practice

07/01/2022
CN 10282-Haitian Creole